

**Lojman San Patipri pou Moun ki gen
Twoub Sante Mantal, Andikap
Entèlektyèl oswa Andikap nan
Devlopman yo:
Yon Gid pou Founisè Lojman yo**



Vizite www.hud.gov/fairhousing
oswa rele Liy Dirèk Nasyonal pou
Diskriminasyon an nan 1-800-669-9777 oswa
1-800-877-8339 (Relè Federal)



Kisa Founisè Lojman yo Dwe Konnen

Lwa sou lojman san patipri entèdi pou fè diskriminasyon nan zafè lojman kont moun ki gen andikap, ni tou moun ki gen twoub sante mantal, andikap entèlektyèl oswa andikap nan devlopman yo. Moun ki gen twoub sante mantal, entèlektyèl, ak andikap nan devlopman yo rankontre anpil kalite diskriminasyon, sa gen ladan k obligasyon pou yo viv nan enstitisyon ak lòt anviwònman izole. Gen yon gwo bezwen pou opsyon lojman abòdab, entegre ak kominotè kote moun ki gen andikap yo kapab viv san diskriminasyon. Moun ki gen andikap yo gen dwa pou yo viv yon fason endependan nan kominote a avèk tout sipò yo bezwen, pa egzanp sèvis swen sante, yon moun k ap ba yo swen oswa yon èd ki dòmi leve, oswa lòt sèvis oswa soutyen sou peryòd ki kout oswa long. Aksè ak opsyon lojman ki baze nan kominote a nesesè tou pou asire moun andikape yo pa fòse rete nan anviwònman enstitisyonèl yo.

Moun ki gen andikap yo gen dwa pou yo kontwole pwòp vi yo ak pou yo gen endependans. Sèten moun ki gen andikap ka mande oswa ka bezwen èd pou sèten aktivite epi yo ka itilize sèvis yon defansè, reprezantan, oswa gadyen legal. Nan ka sa yo, founisè lojman yo dwe asire defansè ak reprezantan yo patisipe kòmsadwa nan desizyon k ap pran yo. Founisè lojman yo pa ka pran desizyon otoritè oswa desizyon diskriminatwa konsènan sa ki nan pi bon enterè moun lan.

Lwa sou Lojman san Patipri ki Entèdi Diskriminasyon ki baze sou Andikap

Lwa sou Lojman san Patipri an, Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon ak Lwa Anfavè Ameriken Andikape yo entèdi diskriminasyon nan zafè lojman kont moun ki gen andikap. Lwa sa yo, nan pam i anpil lòt bagay, egzije pou moun ki gen andikap yo benefisyè menm posiblite lojman yo ofri moun ki pa gen andikap yo. Moun ki gen dwa pou jwenn pwoteksyon sa yo gen ladan yo moun ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil nan youn oswa plizyè aktivite enpòtan yo nan lavi a.

Ki egzanp twoub sante mantal, entèlektyèl, ak andikap nan devlopman ki pwoteje?

Andikap pwoteje yo gen ladan yo (men se pa sa sèlman) pwoblèm sante mantal, sikolojik, entèlektyèl, ak pwoblèm nan devlopman, tankou sendwòm sèvo òganik, depresyon, kè sote, twoub bipolè, twoub estrès aprè chòk (Post-Traumatic Stress Disorder, PTSD), andikap byen presi nan aprantisaj, otis, Sendwòm Dow, blesi twomatik nan sèvo, alkolis, ak depandans ak dwòg (ki pa depandans akòz itilizasyon aktyèl dwòg ilegal). **Kijan moun ki gen twoub sante mantal, andikap entèlektyèl oswa andikap nan devlopman souvan viktim diskriminasyon nan zafè lojman?**

Dapre lwa sou lojman san patipri yo, li ilegal pou fè diskriminasyon kont moun baze sou andikap. Sa ki annapre la yo se kèk egzanp diskriminasyon ki entèdi dapre lwa sou lojman san patipri yo:

- ◆ Mande si yon moun gen yon andikap oswa poze kesyon sou nati andikap moun lan pandan pwosesis aplikasyon an, sòf si founisè lojman an mande tout kandida yo si yo gen yon andikap pou detèmine si yo kalifye pou lojman ki disponib sèlman pou moun ki gen andikap
- ◆ Refize bay enfòmasyon oswa montre lojman ki disponib pou yon moun oswa pou yon moun y ap viv avèk li akòz yon andikap
- ◆ Refize lwe oswa vann yon moun akòz yon andikap
- ◆ Refize lojman paske yon kandida te abite nan yon anviwònman enstitisyonèl oswa yon fwaye an gwoup
- ◆ Mete kondisyon jeneral diferan pou lokasyon lojman ki disponib, pa egzanp fè peye yon pi gwo lwaye oswa depo sekirite akòz yon andikap

- ◆ Mete kondisyon jeneral diferan pou lojman paske yon kandida te rete nan yon etablisman enstitusyonèl, pa egzant egzije plis dokiman oswa sibi yon pwoesis apwobasyon seleksyon anplis
- ◆ Refize bay aranjman rezonab oswa pèmèt modifikasyon rezonab ki gendwa nesesè pou yon moun oswa pou yon moun y ap viv avèk li ki gen yon andikap kapab gen yon posiblite egalego pou itilize oswa jwi lojman yo a
- ◆ Mete restriksyon pou anpeche yon moun viv nan sèten inite oswa seksyon nan yon konplèks lojman akòz yon andikap
- ◆ Itilize kritè seleksyon ki pi estrik akòz yon andikap
- ◆ Fè piblisite nan yon fason ki fè diskriminasyon pou dekoraje moun ki gen andikap yo aplike pou lojman
- ◆ Degèpi yon rezidan oswa degèpi yon moun y ap viv avèk li akòz yon andikap
- ◆ Asele yon moun oswa asele yon moun y ap viv avèk li akòz yon andikap
- ◆ Poze kesyon sou tretman oswa medikaman
- ◆ Egzije pou moun aksepte plasman nan yon devlopman lojman kolektif kote se sèlman oswa se sitou moun ki gen menm andikap yo oswa andikap menm jan ki abite la

Ki aktivite ki admisib dapre lwa sou lojman san patipri yo?

Yon founisè lojman ka evalye kandida yo pou lojman ki disponib epi li kapab kreye règ oswa kòd konduit pou rezidan yo si evalyasyon, règ, ak kòd yo aplike nan menm fason pou tout moun, yo pa fè diskriminasyon, epi si founisè lojman yo fè aranjman rezonab nan nenpòt règleman, pratik, règ, ak kòd yo lè sa gendwa nesesè pou yon moun ki gen yon andikap. Founisè lojman yo pa gendwa fè diskriminasyon baze sou krent, prejje, oswa jeneralizasyon konsènan moun ki gen andikap.

Kisa aranjman ak modifikasyon rezonab ye?

Aranjman ak modifikasyon rezonab se chanjman nan règ, règleman, pratik, sèvis, oswa estrikti fizik nan yon lojman pou pèmèt yon moun ki gen yon andikap gen yon chans egalego pou itilize ak jwi yon lojman. Nan lojman HUD ki sibvansyone, chanjman nan estrikti inite, zòn piblik ak zòn itilizasyon komen yo t ap tonbe nan kategori aranjman rezonab founisè lojman an dwe ofri. Kèk egzant demann aranjman oswa modifikasyon rezonab ka gen ladan yo:

- ◆ Mande pou ou gen yon bèt pou ede ou lè gen an plas yon politik "entèdiksyon bèt domestik"
- ◆ Mande èd pou ranpli yon aplikasyon oswa lòt dokiman
- ◆ Mande pou yon founisè lojman otorize yon èd ki dòmi leve oswa lòt sèvis soutyen
- ◆ Pwolonje peryòd aplikasyon limite yo epi pèmèt pwoesi oswa anplasman aplikasyon ki ka adapte
- ◆ Mande pou chanje dat delè pou lwaye jiskaske yon moun resevwa chèk sekirite sosyal pou andikap li oswa yon peman pou andikap sou peryòd ki kout oswa ki long
- ◆ Mande chanjman fizik nan yon lojman oswa yon zòn komen ki anrapò ak mobilite oswa bezwen sansoryèl
- ◆ Mande pou rete sou yon lis datant apre ou pa bay repons ak demann yo nan delè ki prevwa a akòz yon rezon ki anrapò ak andikap ou
- ◆ Mande tan anplis pou vin abite nan yon inite lè yon kandida rive nan tèt yon lis datant men li pa kapab vin abite akòz yon rezonki anrapò ak andikap li, pa egzant akòz tretman oswa li entène lopital
- ◆ Aksepte lòt chwa referans, pa egzant referans yon travayè sosyal, lè yon moun ki posib vin lokatè ka gen antesedan lokasyon oswa antesedan travay resan ki limite oswa ki pa egziste akòz yon ospitalizasyon

Lojman San Patipri pou Moun ki gen Twoub Sante Mantal, Andikap Entèlektyèl oswa Andikap nan Developman yo: Yon Gid pou Founisè Lojman yo



Ki kalite enfòmasyon yon founisè lojman ka mande yon moun ki gen yon andikap ki mande yon aranjman oswa modifikasyon rezonab?

Si andikap la ak bezwen pou demann lan evidan oswa founisè lojman an deja konnen yo, founisè a pa kapab mande okenn lòt enfòmasyon. Founisè lojman yo ka mande enfòmasyon ki nesesè pou evalye si yon aranjman oswa yon modifikasyon rezonab yo mande gendwa nesesè akòz yon andikap sèlman si andikap la oswa bezwen pou aranjman oswa modifikasyon anrapò ak andikap la pa evidan oswa founisè lojman an pa konnen yo. Sepandan, founisè lojman yo dwe konsidere demann pou aranjman ak modifikasyon rezonab yo menm si demandè a pa itilize fòm oswa pwosedi prefere yo. Founisè lojman yo ka angaje yo nan yon pwosesis komunikasyon avèk moun lan nenpòt lè nan pwosesis sa a, men yo dwe fè sa anvan yo refize yon demann.

Lojman san patipri se yon bon afè. Se lalwa tou.

Pou aprann plis, vizite www.hud.gov/fairhousing oswa kontakte **biwo lokal HUD** ou an, òganizasyon Eta a oswa òganizasyon pou lojman san patipri zòn ou an.

Tanpri vizite lyen ki annapre la yo tou pou aprann plis sou:

- ◆ [Dwa Moun ki gen Andikap yo Dapre Lwa sou Lojman San Patipri yo](#)
- ◆ [Kesyon Yo Poze Souvan yo sou Seksyon 504 la](#)
- ◆ [Aranjman Rezonab yo dapre Lwa sou Lojman san Patipri an](#)
- ◆ [Modifikasyon Rezonab yo dapre Lwa sou Lojman san Patipri an](#)
- ◆ [Evalyasyon Demann yon Moun pou li Gen yon Bèt kòm yon Aranjman Rezonab Dapre Lwa sou Lojman san Patipri an](#)
- ◆ [Deklarasyon HUD sou Wòl Lojman nan Akonplisman Objektif Olmstead yo](#)